



## Asèlman seksyèl nan lari (Tizonnay) - Acoso sexual callejero

Li enfòm lwa sou deli asèlman seksyèl an piblik (Tizonnay), abi pa sipriz ak pran foto pati entim kò yon moun nan lari.

### • Selon lalwa, kisa asèlman seksyèl nan lari a ye?

Lalwa siyale yon moun ki komèt asèlman seksyèl (tizonnay) se lè ou fè yon mouvman seksyèl ki kapab pwovoke yon sitiasyon ki entimide yon lòt moun, ki ostil oubyen imilyan pou viktim nan nan lye piblik yo oubyen kote ki gen lib aksè a piblik, e san konsantman viktim nan.

### • Ki aksyon ki defini tizonnay la epi ki sanksyon yo aplike?

1- Aksyon: ki gen karaktè vèbal (pale) oubyen lè ou fè moun nan yon jès.

Sanksyon: y ap fè w peye yon amann ki egal ak 1 a 3 UTM (Unidad Tributaria Mensual)

2- Aksyon: Yon konpòtman ki montre ke ou vle apwoche moun nan oubyen w ap pèsèkite li, oubyen yon zak egzibisyonis ki gen kontni seksyèl klè kou dlo kokoye.

Sanksyon: Nan nenpòt ka sa yo ap gen yon pèn prizon maksimòm (21 jou a 60 jou prizon) ak yon amann de 5 a 10 UTM (Inite Tribitè Mansyèl).

La jistis ap aplike sanksyon sa yo, sof si zak la konstitye yon deli ki gen pèn ki plis grav, tankou vyòl oubyen abi seksyèl.

### • Ki sanksyon y ap bay yon moun ki fè foto oubyen videyo pati entim kò yon moun ki nan yon espas piblik?

Y ap aplike yon pèn prizon minimòm de 61 jou a 540 jou, epi yon amann de 5 a 10 UTM. Sanksyon sa a ap aplike a sila yo ki nan espas piblik k ap kapte, fè videyo, filme oubyen fè foto, nenpòt achiv odyovizyèl pati jenital oubyen pati entim kò lòt moun nan objektif yon sinifikasyon seksyèl e san volonte viktim nan.

### • Eske gen sanksyon pou yon moun ki difize imaj sa yo?

Wi, y ap aplike menm pèn prizon an ant 61 a 540 jou, anplis ap gen yon amann de 10 a 20 UTM.

### • Sa k ap pase si se menm moun nan ki kapte imaj yo se limenm ki difize yo ankò?

Sanksyon ap prizon ant 61 jou a 3 zan ak yon amann de 20 a 30 UTM.

### • Ķisa k ap pase ak abi seksyèl kote moun ki komèt li a pran viktim nan sipriz?

Si viktim nan gen plis ke 14 lane: Y ap sanksyone moun ki reyalize abi seksyèl nan fason diferan ak sila ki konnen viktim nan e ki anplwaye sipriz oubyen lòt manèv san volonte viktim nan. Pèn nan se prizon de 61 jou a 3 zan

Lalwa ap kenbe gwo sanksyon pou zak seksyèl kont timoun ki gen mwens ke 14 zan epi abi seksyèl ki komèt ak entimidasyon, vyolans, kont viktim ki pa konsyan oswa ki pa gen fòs pou opoze kont sila yo ki gen twoub mantal, ak lè viktim nan depann de koupab la, oubyen lè moun ki komèt abi seksyèl la itilize twonpri pa inyorans seksyèl viktim nan.

**Enfòmasyon ki nan dokiman sa a se yon materyèl referans pou fè w konprann lwa yo. Men, se pa lalwa, ni se pa yon agiman jiridik legal ke yon avoka kapab itilize.**